

## Inisyativ Pwoteksyon Ganmoun Aje nan Delaware

### Pwoteje Granmoun aje yo

Se Biwo [Pwokirè Jeneral Delaware la ki jere Inisyativ Pwoteksyon Aje yo](#) e li gen yon apwòch ki an twa pati: Edikasyon Piblik, Edikasyon Lapolis, ak yon Ekip Milti-Disiplinè (MDT) ki gen ladann pwosekité, polis, ak reprezantan sèvis sosyal pou ankouraje konsyantizasyon konsènan abi, neglijans, ak eksplwatasyon finansye. [Bwochi Inisyativ Pwoteksyon pou Granmoun Aje yo](#) eksplike inisyativ la an plis detay.

Inisyativ Pwoteksyon pou granmoun aje yo disponib pou pale sou fwod, eskwokri, ak vilnerabilite granmoun aje yo nan kominate a, ki baze sou lafwa oswa òganizasyon sosyal yo. Si w enterese òganize yon prezantasyon, tanpri ranpli [fòm demann sa a](#) oswa kontakte nou nan [Seniorprotection@delaware.gov](mailto:Seniorprotection@delaware.gov)

### Sa k ap pase

### Jounen Mondyal Sansibilizasyon Abi sou Granmoun Aje yo (WEAAD)

Chak ane, Inisyativ Pwoteksyon pou Granmoun aje Depatman Lajistis Delaware yo rekonèt Jounen Mondyal Konsyantizasyon Abi sou **Granmoun Aje yo nan dat 15 jen** ak evènman nan twa konte yo. Evènman yo te fèt pou mete aksan sou resous ki disponib pou granmoun aje ki viktim abi yo ak fanmi yo. Yo ankouraje moun ki planifye pou yo ale patisipe ladan an yo mete koulè wouj violèt, ki se koulè ofisyèl pou konsyantizasyon abi sou granmoun aje yo.

---

### Nouvo Kat Medicare yo nan Wout!

Chanjman ap vini nan kat Medicare pa w la. Nan mwa avril 2019, yo pral ranplase kat ou a ak youn ki pa montre nimewo Sekirite Sosyal ou a ankò. Olye sa, kat ou a pral gen yon nouvo Idantifyan Benefisyè Medicare (Medicare Beneficiary Identifier (MBI)) ki pral sèvi pou faktire ak pou tcheke kalifikasyon w ak estati reklamasyon w lan. Epi tout bagay yo pral fèt otomatikman – ou p ap oblige peye pèsonn oswa bay pèsonn enfòmasyon, kèlkeswa sa yon moun ta ka di w.

### [Gade nouvo paj Kat Medicare yo sou sitwèb DSAAPD paj entènèt lan ISIT la](#)

**Klike sou enfografi ki anba a pou yon vèsyon ki pi gwo!**

---

## Pwoteje Tèt ou Kont Fwod Medicare

[Pwogram Patwouy Medicare Pèsonaj Aje Delaware](#), ki nan Divizyon Sèvis Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Delaware la ([DHSS](#)) pou granmoun ak andikape fizik yo ([DSAAPD](#)) founi enfòmasyon publik pou ankouraje benefisyè Medicare yo pou yo li ak anpil atansyon avi rezime Medicare yo a epi poze kesyon si yo pa panse enfòmasyon an kòrèk. Pwogram nan fòme volontè tou pou ede benefisyè Medicare yo jwenn enfòmasyon yo bezwen yo lè yo sispèk fwod, gaspiyaj oswa abi nan pwogram Medicare la.

Pou yon kat enfòmasyon, ki disponib an Anglè ak Panyòl, klike [ISIT LA](#).

### Rapòte Abi sou Pèsonaj

Si w sispèk yon granmoun aje se yon viktim abi, neglijans oswa eksplwatasyon finansye, tanpri rele [Sèvis Pwoteksyon Grammoun Delaware la](#) nan 1-800-223-9074 ak ajans polis lokal ou a. Si w sispèk yon ka abi sou grammoun aje nan yon etablisman swen alontèm ki gen lisans Delaware oswa yon etablisman asistans, tanpri kontakte [Divizyon Pwoteksyon Rezidan pou Swen Alontèm yo](#) nan 1-877-453-0012 ak ajans polis lokal ou a.

### Lòt Enfòmasyon

#### Delaware

#### Nasyonal

- [Sant Nasyonal pou Abi Grammoun Aje](#)
- [Fich Enfòmasyon sou Abi Grammoun Aje ki soti nan NCEA](#) 
- [Komite Nasyonal pou Prevansyon Abi sou Grammoun Aje yo](#)
- [Asosyasyon Nasyonal Sèvis Pwoteksyon Grammoun](#)
- [AARP](#)